

## Randolph Public Schools

“Building Tomorrow, Today”

“Bati Demen, Jodi a Menm

# RPS




### Biwo Resous Imen

Sean Walsh, Direktè Resous Imen  
Barbara McDonough, Asistan an Chèf HR

40 Highland Avenue  
Randolph, MA 02368  
(781) 961.7477  
(781) 961.6294 Fakks  
[www.randolph.k12.ma.us](http://www.randolph.k12.ma.us)

Thomas Anderson, Sipèntandan Lekòl yo  
Dr. Angela Burke, Asistan Sipèntandan  
Heather Geary, Direktè Sèvis ak Edikasyon Espesyalize  
Tanya Holland, Direktè Enterimè Finans

Pou: Anplwaye Lekòl Piblik Randolph, Elèv & Fanmi  
Soti nan men: Sean Walsh, Direktè Resous Imen   
Dat: 1 Jen 2018  
Sijè: Rechèch pou Sipèntandan Lekòl Piblik Randolph – Mizajou

Alo kominote RPS! Mwen swete nou tout te pase yon ane lekòl wololoy. Sa di pou kwè nou deja an me! Komite Lekòl (*School Committee*) yo te mande mwen pou m pataje enfòmasyon ki gen pou wè ak Sipèntandan Lekòl yo (*Superintendent of Schools*) pou toulede, pou yon tan kout, lòt ane, ak alavni.

### Ane Lekòl 2017-18

Mwen kwè anpil nan nou konnen, Lekòl Piblik *New Bedford* te chwazi Sipèntandan nou gen kounye a pou vin pwochen Sipèntandan pa yo, apati premye jiyè 2018. Nan katran Sipèntandan Anderson fè nan Randolph la, sa debouche sou plizyè reyalizasyon nan distri a ak nan lekòl nou yo. Nan tout reyalizasyon sa ayo, sa ki te pi espesyal la, se lè an oktòb 2017 la, Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè nan *Massachusetts (Department of Elementary and Secondary Education)* te wete Lekòl Piblik Randolph yo anba estati “p ap pèfòme” sa a (*underperforming status*), apre yo fin pase yon deseni ak deziyasyon sa a. Sipèntandan Anderson ap kontinye mennen bak distri a rive jis 30 jen 2018 epi l ap disponib pou l asire yon tranzisyon lit-lit.

### Ane Lekòl 2018-19 – Sipèntandan Enterimè

Komite Lekòl yo te deside anboche yon Sipèntandan Enterimè apati premye jiyè, 2018. Kounye a, nou nan pwosesis aksepte aplikasyon pou jis jou dènye delè a ki se 18 jen 2018. Kandida ki reyisi a ap pran fonksyon 1 jiyè 2018 (osinon pi bonè pou ka gen ase tan pou tranzisyon)

### Ane Lekòl 2019-2020 & Alavni – Sipèntandan Lekòl yo

Komite Lekòl yo ap anboche epi travay ak yon fim pwofesyonèl ki fè rechèch pwofesyonèl. Se fim sa a ki pral fè yon rechèch devan-dèye okonplè pou jwenn yon Sipèntandan Lekòl pèmanan. Pwosesis sa a ap tanmen nan Sezon Otòn 2018 la epi l ap genyen plizyè opòtinite pou pran dizon ak kòmantè nan men tout lekòl ak pati ki enterese yo.

Pou plis enfòmasyon ak mizajou, tanpri souple vizite sit entènèt Rechèch Sipèntandan nou an nan [http://www.randolph.k12.ma.us/about/superintendent\\_search](http://www.randolph.k12.ma.us/about/superintendent_search).

---

#### Regleman Pa Gen Diskriminasyon

Lekòl Piblik Randolph (RPS) pa diskrimine sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (fi/gason), idantite seksyèl, andikap, laj, relijyon, osinon oryantasyon seksyèl nan enskripsyon oswa patisipasyon nan pwogram ak aktivite li yo. RPS pa tolere okenn fòm diskriminasyon, entimidasyon, menas, agresyon, presyon, kontrent ak/oswa asèlman ki ensilte diyite lòt moun lè zòt ap foure bouch nan libète yo genyen pou aprann ak travay.